Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса Пали-хIажи



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

www. mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 31 (6611) 30 июль 2018 с. Итни ЗулкъагIида 1439 с. Багьа 5 гъур.

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## БизнесчагIазул къадар цIикIкIинабиялъул масъала лъун буго

### Бакълъулазул районалда тIобитIана предпринимателазул кIиабилеб республикаялъулаб форум

**21-22 июлалда Бакълъулазул районалъул тIабигIат берцинаб ЦIаналъ росдал ракъалда тIобитIана Дагъистаналъул предпринимателазул кIиабилеб республикаялъулаб форум. Гьеб гIуцIана «Бизнес – сообщество Махачкалы» (БИСОМ) ассоциациялъ ва гьенир гIахьаллъана 120 – ясдаса цIикIкIун предприниматель.**





Форумалъул хIалтIулъ гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, БИСОМ ассоциациялъул председатель ГIабдулхIаким Пахрудинов, Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул нухмалълей Интизар Мамутаева, экономикиял гIелмабазул доктор, профессор Сергей Дохолян, ДРялъул жамгIияб палатаялъул председателасул заместитель Шамсият Насрулаева, Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, муниципалитеталъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев ХIусен Мутаев, «Сельсовет “Игалинский”» росдал поселениялъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, ЦIаналъ аслияб школалъул нухмалъулев СагIидбег МутагIилов, машгъурал фирмабазул нухмалъулел ва цогидалги.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас бицана район, республика, улка социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъе предпринимателазул хIаракатчилъиялъул бугеб кIваралъул.

«Дагъистаналъул предпринимателазул кIиабилеб республикаялъул форумалъул, хIурматиял гIахьалчагIи, нужее ракI-ракIалъулаб салам кьола гьалбал хирияб бакълъулазул ракъалда! Предпринимателал ккола пачалихъалъул кьучI. Нужеца кIудияб бутIа лъолеб буго улкаялъул экономика щула гьабиялъулъ, гIахьаллъи гьабулеб буго гIадамазул яшав лъикIлъизабиялде, буголъи цебетIезабиялде ралагьарал программабазда ва проектазда. ГIахьаллъулел руго гурхIелрахIмуялъул акциязда, шефлъи гьабулеб буго лъайкьеялъул, лъималазул ва цогидалги учрежденияздa тIад.

МахIачхъала шагьаралъул бизнес – сообщество ккола республикаялда машгъураб гIуцIи, гьенир цолъун руго жигарал, церетIурал, лъикI хIалтIулел предпринимателал. Гьарула сообществоялъе хадурккунги бергьенлъаби, жакъасеб форумалъул хIалтIуе цебетIей», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Форумалъул кIигокъойилаб программа хIадурун букIана семинарал ва мастер-класcал маданиял, спортивиял, рекIелгъеялъулал тадбиралгун. «Академия БИСОМ» бизнес – школалда занятиял тIоритIана церетIурал предпринимателаз.

Арсен Акаховас, МухIамад Штанчаевас, ХIажи Зулумхановас мастер-классал гIуцIана батIи-батIиял темабазда, хIалбихьи щвеялъе квербакъи гьабуледухъ. Форумалда кIалъаял гьаруна ВТБялъул, Связьбанкалъул ва Россиялъул цогидалги аслиял банказул вакилзабаз.

Спортивияб программаялда киназего бокьараблъун лъугьана лъел чвахxи бугеб бакIалде экскурсия, гьединго торгIо гIай ва цогидалги тадбирал. ТоргIо хIаялъе бергьана ЦIаналъ росдал команда, кIиабилеб бакIалде бачIана БИСОМалъул команда. Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас бергьаразе кьуна грамотаби ва цогидалги сайгъатал.

Республикаялъул жамгIиялъул рахъалдасан Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул нухмалълей Интизар Мамутаеваль БИСОМалъул председателасе кьуна хIурматалъул грамота, республикаялъул предпринимателазе бергьенлъабиги гьарана.

Маданиябгун хIухьбахъиялъул бутIаялда форумалъул гIахьалчагIазда цеве вахьана Дагъистаналъул халкъияв артист ТIагьир Къурачев, бихьизабуна кинофильм, рачана пандуралда ва гитараялда бакьнал.

Киназего чIезабун букIана хинаб квен. БакIалъул ахикь барщараб микьир ва кокон гъутIбуздаса гьунеб букIана кванил столазда тIаде. Шашликал, узбеказул пулаво, самоваралъусан чай, форумалъул гIахьалчагIазе хIухьбахъиялъе ва хIалтIуе киналго шартIал чIезарун рукIана.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас ва БИСОМалъул председатель ГIабдулхIаким Пахрудиновас баркала кьуна форумалъул хIалтIулъ гIахьаллъаразе ва загьир гьабуна, гьединаб тадбир гIадатлъун лъугьун, щибаб соналъ тIобитIизе букIиналда божилъиги.

«Улкаялъул нухмалъиялъ цебе лъун буго предпринимателазул къадар цIикIкIинабиялъул масъала. Гьелъие гIоло кьваригIуна бизнес гьабизеги санагIатал шартIал чIезаризе, гIуцIизе ккола инвестициялъулал байдаби, рагьизе ккола эркенал экономикиял зонаби. Предпринимателазда дандчIвалел захIмалъаби республикаялда хIисабалде росизе руго, предпринимательлъи цебетIеялде руссарал хитIабалгун, хIукмабигун церерахъине руго. Бизнесменаз халкъалъе хъулухъ гьабула, улкаялъул налоговияб база цIикIкIинабула, улкаялъул щибго цIунизе бугеб къуват ва гуч щула гьабула. Нижеца гьоркьоблъи щулалъизабизе буго нухмалъиялъул органазулгун ва республика, улка тIегьаялъе гIоло хIалтIи гIуцIизе буго», - ян абуна ГIабдулхIаким Пахрудиновас.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**204 гIазра, 3150 тонна пихъил, газил рогIразул кIармал…**

-2 гьум.



**Магьди-хIажи ГIабидов: «ГIабдурахIман Даниялoвасул мисалалда хIалтIе!»**

-3 гьум.



**КIкIуяда: 73 росу**

-3 гьум.



**ЦIодорлъи гьабе: наркомания, экстремизм!**

-4 гьум.

ДАГЪИСТАН ЦЕБЕТIЕЗАБИЯЛЪУЛ СУАЛАЛ

# ЦIаналъ росдал рохьов – 120 базарган

## Республикаялъул даранчагIазул кIиабилеб данделъиялда хIалтIул рахъи борхизабиялъул масъалаби цере лъуна

**2018 соналъул 21-22 июлалда Бакълъулазул мухъалъул ЦIаналъ росулъ тIобитIана Дагъистаналъул базаргабазул республикаялъулаб кIиабилеб данделъи, форум. МахIачхъалаялъул базаргабазул цолъиялъ (БИСОМ) ва Бакълъулазул ракьалъул нухмалъулез цадахъ рекъон гIуцIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана 120 чи. Дагъистан цебетIезабиялъул суалал гьоркьор лъураб, кIудияб кIвараллъул лъугьабахъинлъун лъугьана гьеб дандеруссин.**

### Жидер хIаракаталде цIикIкIун кIвар кьеян лъазабуна базаргабаз

КIиго къоялъ халатбахъараб базаргабазул, даранчагIазул, предпринимателазул данделъиялда бицана Дагъистаналъул магIишатияб рахъ, экономика борхизе ккани ва къуватал, хайир кьолел гIуцIаби гIемерлъизе, ишалъулал гIадамазул рахъккевзе ккани, гьаризесел тадбиразул.

21 июлалда ЦIаналъе вачIана 120 даранчи. МахIачхъалаялдаса гьенире рачIунаго, нухда гьез зиярат гьабун буго АхIулгохIдеги. Гьалбал къабул гьариялъе кIудияб хIадурлъи гьабун бугоан Бакълъулазул мухъалъул администрациялъ ва идарабаз. Нухалги къачIа-кIатIан ругоан. Цебесеб сордоялъ кутакаб чвахунцIадги бан, иххаз ва лъараз хвезарурал нухал радакье рахъун цIидасан къачIана Бакълъулазул нухлул хIалтIухъабаз. Гьеб форум лъикI тIобитIиялъе квербакъун буго Бакълъулазул ракьалъул нухмалъиялъ,экономикаялъул ва росдал магIишаталъул идараялъ, Игьали росдал администрациялъ, ЦIаналъ аслияб школалъ ва цоги гIуцIабаз.

Форумалда кIалъаял гьаруна Бакълъулазул мухъалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас, БИСОМ абураб гIуцIиялъул нухмалъулев ГIабдулхIаким Пахрудиновас, Дагъистаналъул Руччабазул цолъиялъул цеехъан Интизар Мамутаевалъ, экономикиял гIелмабазул доктор Сергей Доколяница ва цогидазги.

ЦIаналъ росу игъелдерил росабазул администрациялда гьоркьобе уна. Гьеб росу буго рохьоб. Гьурул унтарал гIадамазе сахлъиялъе рукIине кколел шартIал руго гьенир. Лъелго ине ккани, гIезегIан кIудияб ракьги бугоан гьеб росдал. Гьалбал разиго хутIана ЦIаналъ тIобитIараб тадбиралдаса ва гьезул ракIгIатIилъиялдаса.

КIиябго къоялъ форумалъул кIалъаял, малъа-хъваял, мастер-классал, тренингал тIоритIана, хIалхьи гьабиялъул ва черх лъадариялъул тадбиралги гьоркьоре ккезарун. Гьеб къагIидаялъ форум жеги камилаблъун, чIамучIлъи гьорлъе биччачIеблъун лъугьана.

Базаргабазул гIемерал суалал ругоан Дагъистаналъул ва Россиялъул тIалъиялдехун. Гьезул каламалъухъ гIенеккидал, бичIчIулеб букIана базаргабазул унго-унголъ куцалда рахъкколел идараби гIемер гьечIолъи.

### Ричарухъабилъун щал рищизе кколел?

Арсен Акавовас, ХIажи Зулумхановас, МухIамад Штанчаевас ва цогидазги гIолохъанал базаргабазда бицана даран-базар, иш гIуцIулелъул, хIисабалде росизе кколелщинал рахъазул. Идараялде, фирмаялде, предприятиялде, тукаде, ашбазалде гIадамал хIалтIизе росулелъул, сунде кIвар кьезе кколабали баян гьабуна гьез ва цоги кIалъазе рахъараз. Къайи босизе рачIарал чагIаздехун лъикI кIалъалев, гьезул бокьарал суалазе жавабал кьун бажарулев, гьимун гурони кIалъаларев, чIагояв чи восизе кколин вичарухъанлъунилан абуна Арсен Акавовас. ГIадамазулгун калам-хабар гьабизе гьира гьечIев чи рекъолила кассаялда ялъуни складалда, нахърател цIунулев чилъун.

### «Пирамидабазул» къорал…

Интернеталдаса пайдаги босун, иш бачиналъул, даранбазар гьабиялъул хIакъалъулъ гIатIидал баянал кьуна ХIажи Зулумхановас. Гьединаб куцалда кIуди-кIудияб магIишат данде гьабурал дуньялалъулго вакилзабазул рехсейги гьабун, гьезул хIалбихьиялъул мисалал рачана гьес. Гьединго форумалда пайдаял кIалъаял гьаруна ВТБялъул, Связьбанкалъул ва цоги банказул хIалтIухъабаз. «Пирамидабазул» гурдакье ккезе чIогеян абуна банказул вакилзабаз, гьеб куцалда «даран гьабулеб» «цо халкъ» бугин Дагъистаналдаянги абуна гьениб. Гьединазе тамихI гьабичIого толарила пачалихъалъ.

Гьеб форумалда Дагъистаналъул Руччабазул цолъиялъул нухмалъулей Интизар Мамутаевалъ баркалаялъул кагъат кьуна БИСОМалъул цевехъан ГIабдулхIаким Пахрудиновасе. Гьединго гьесие хIурматалъул грамота кьуна ЦIаналъ росдал аслияб школалъул директор СагIидбег МутагIиловасги.

### Чвахукье сапар, нух къосарал гьалбал…

21 июлалъул бакъанида форумалъул гIахьалчагIаз сапар бухьана ЦIаналъ росдада гIагарлъухъ бугеб лъарада лъугьараб чвахукье. РекIун хьвадун ругьунал базаргабазе бигьаго чIун батиларо гьеб «чабхъен». Амма, 3-4 километрги тун, лъарахъа тIаде захIматгоги рахун, чвахукье щведал, гьалбадерил ракI бохана ва хIалхьана – багIари кIочене, гIолохъаби партIан лъадалье лъугьана.

ТIадруссун рачIунаго, сапарчагIазул къокъаби рикьрикьана ва ЦIаналъ росдал бахчабазда ва къватIазда нух къосун ккана. Гьенир минаби руго цIакъго цоцаздаса рикIкIад. Щибаб батараб рукъалъул нуцIидаги кIутIун, цIехолеб букIана школалдехун нух… Цо-цояз ишан босун букIана рикIкIада бихьулеб шашликIал ракьулеб цIадул кIкIуялде… Квеш-лъикI, къасиялде киналго чодрокье ракIарана. ТIагьир КъурачевасулкучIдузухъ гIенеккана ва шашликIазда къабуна. Гьелдаса хадуб Грузиялда лъимал рикьиялъул бицунеб кинофильмги биччан букIана, школалъул кIитIалаяб минаялъул нахъисеб къададаги речIчIизабун.

### МагIаруллъи цIунизе тIадаб буго

«ЗахIмат-рахIаталъул аваданаб бакI», – абун таржама гьабун буго ЦIадаса ХIамзатица Александр Пушкинил «Росу» абураб кечIалъул цо мухъалъе. Гьединаб бакI бугоан ЦIаналъ. Амма гьеб росуги, цоги магIарул росабиго гIадин, чIобоголъулеб бугоан. ЦIаналъа гIадамазда гьикъидал, цохIо школаги фельдшерлъиялъул пункти гурони, тIокIаб хIалтIи бугеб бакI гьениб гьечIилан абуна. БетIербахъиялъе къватIире рахъунел руго гIолохъаби. Цоцазда данде торгIо хIазе кIиго команда гIуцIизе гIолилал хутIун гьечIин росулъилан бицана гьез. Амма цо команда лъезе гIурал гIоркьилал ругоан гьезул. Форумалъул ункъо командаялда гьоркьоб тIоцебесеб бакI щвана ЦIаналъ росдал волейболалъул къокъаялъе.

Ризаб рохьалда жаниб бугеб, берцинаб, беричаб бакI бугоан ЦIаналъ. Дунго щварал ЧIегIерралъдал рагIаллъуда ва Европаялда ругел шагьарал, курортал ракIалде щолел рукIана, ЦIаналъ росулъан унаго.

Къаси, гвангъун щвараб моцIрол канлъухъе валагьидал, дандритIун паркъолел ругоан ЦIияб Аргъвани росдал чирахъал. ТIадехун буго ризаб накIкIил рохь. Багьилаб бакI буго ЦIаналъ. Хасго пикру гьабизе, тIахьал хъвазе ва цIализе санагIатаб бакI бугилан тана, гIодобе биччараб, хIалхьараб, сасараб.

22 июлалда форумалъул гIахьалчагIаз дандеруссиналъул хIасилал гьаруна, тIадчагIаздехун хитIаб хъвазе хIукмуги ккана гьезул. ЛъикIаб гьоболлъиялъухъ бакълъулазе баркалаги кьолаго, гьел тIадруссун ана.

Нилъее хIажат буго бацIцIадаб даран-базарги цебетIезе магIарул росабиги цIунун хутIизе. Щибаб росдал буго такрарлъи гьечIеб тарих. Нилъеда тIадаб буго магIаруллъи цIунизе. МагIарухъги. РекIелъги. Кибго.

**ГIизудинил ХIамзат**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# 204 гIазра, 3150 тонна пихъил, газил рогIразул кIармал…

## БачIин бакIариялъул ва чвахун цIадалъул зарал лъугIизабиялъул суалазул халгьабуна Бакълъулазул районалда

**23 июлалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана бачIин бакIариялъул ва чвахун цIадалъул зарал лъугIизабиялъул, налогал ракIариялъул ва цогидалги суалалги гьоркьор лъун данделъи.**



Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял хъулухъазул вакилзаби. Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

Дагъистанстаталъул Гумбеталда вугев бетIерав эксперт МухIамад Лабазановас тIадчIей гьабуна жидерго хIалтIул хIакъалъулъ отчетал кьечIел учрежденияз рукIиналда ва гьел кьезе гIедегIил гьабизе ккеялда.

«Финансовиябгун магIишатияб хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ кварталалъул отчетал кьезе ккола 140 гIуцIиялъ, рачIине ккола цогидал баяналги, хасго отчетал кватIизарула росдал магIишаталъул предприятияз. Бокьилаан гьеб суалалде кIвар кьезе», - ян абуна МухIамад Лабазановас.

«Араб захIматалъулаб анкьалъ Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалде пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабеян 211 чи вачIана, тIубазабуна 204 гIарза. Гьединго нижеца кумек гьабулеб буго «Дир Дагъистан» конкурсалда гIахьаллъулезе», - ян бицана филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас.

Бакълъулазул централияб больницаялда ремонталъулал хIалтIаби унел ругин, лъималазул ва цогидалги отделениязда кафель хисулеб бугин абуна ЦРБялъул бетIерав врач МухIамад СайгидахIмадовас.

«Чвахун цIадал ран иххал рахъиналъ, нухал хвезарун рукIана. Республикаялъул кIвараллъул нухдасан автотранспорт хьвади гьоркьоб къотIичIо. «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул хIалтIухъабаз сордо-къоялъ чIечIого рацIцIад гьаруна нухал гамачIракьалдаса. Техника хIалтIулеб букIана МахIачхъала-Болъихъ республикаялъул кIваралъул шагьранухлул ЧIиркъатIа – Инхо участкаялда. Гьединго хIалтIана Сагъри-МелъелтIа нухда. Ремонталъул хIалтIаби гьаруна Гьоркь Инхо – ЧIикь, МелъелтIа – ИчичIали ва цогидалги нухазда», - ян бицана «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас.

Бакълъулазул районалъул бетIерасул гIакълучи АхIмад Сулаймановас тIадчIей гьабуна учреждениязда ва гIуцIабазда делопроизводство, документазул база гIуцIиялъе, гьеб рукIалиде ккезабиялъе хIажатаб консультациялъулаб кумекалда.

«Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас бицана районалъул централде газ бачиналъе гьабулеб бугеб хIалтIул. «МелъелтIе газалъул мухъал рачунелруго«СтройГазКомплект» ОООялъ. Гьезулгун гIаммаб мацI батизе хIаракат бахъулеб букIаниги, дандчIвалел руго кIвар кьезе кколел рахъалги. «СтройГазКомплект» ОООялъул вакилзабаз абулеб буго росдал магIишаталъул кIваралъул нухазда (магъилъе ругел) газалъул рогIразул аркаби гьаризе гьечIин. Нижер росдал гIадамазейин абуни магъилъе нухазда аркаби хIажалъула, газил мухъ бачунез гьеб хIисабалде босизе ккола.

Бакълъулазул районалда ахиралде щолеб буго гага бугеб пихъ бакIариялъул хIалтIи. Районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖККялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас данделъаразул лъай-хъвай гьабуна аграрияб бутIаялда бугеб хIалалъулгун. 494 гектаралда руго гага бугел пихъил ахал. БачIин бакIарана 450 гектаралдаса. Щибаб гектаралдаса 70 центнерги бакIарун, 3150 тоннаялде бахана гIаммаб къадар. Хъутабазда хIадурун буго 6700 тонна хъачIаб рагIихералъул ва 126 тонна хьотIол. Хаслихъе культураби рекъараб 627 гектаралдасан 560 алдаса бачIин бакIарун лъугIана ва щибаб гектаралдаса 19,5 центнер тIоцалил щвана.Бакълъулазул районалъул администрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас бицана учреждениязул ва гIуцIабазул хIалтIухъабаздехун ругел тIалабазул, хъулухъалъулал тIадал ишазул, инвестиционниял программабазул хIакъалъулъ.

(Ахир - 3 аб. гьум.)

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ

# Магъди-хIажи ГIабидов: «ГIабдурахIман Данияловасул мисалалда хIалтIе!»

### МугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул Муфтияталъул вакил вачIана Бакълъулазул районалде



**25 июлалда Бакълъулазул районалде хIалтIулаб сапаралъ вачIана МугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул Муфтияталъул ихтияр кодосев вакил Магъди ГIабидов. Гьев дандчIвана гIадлу-низам цIуниялъул ва административиял органазул хIалтIухъабигун.**

Маданияб хIинкъигьечIолъиялъул соналъул хIурматалда тадбирал тIоритIиялде кIварги кьолаго, экстремизмалда ва терроризмалда данде къеркьеялъул суалал рорхана дандчIваязда. Магъди ГIабидовас абуна къваталъулал идарабазулги диниял церехъабазулги цадахъаб хIалтIуца экстремизмалъул ва терроризмалъул идеологиялда данде къеркьей гьабизе лъикI букIунилан. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев Шамил Мажидов, районалъул имам Шамил Назиров, балугълъиялде рахинчIезулгун хIалтIул рахъалъ районалъул администрациялъул секретарь, ДРялъул муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда вугев вакил Рашид ХIабибов.

Хадув Магъди ГIабидов кIалъазе вахъана районалъул администрациялъул актовияб залалда тIобитIараб данделъиялда. Гьес бицана Дагъистаналъул муфтияталъул хIаракатчилъиялъул, гьеб динияб гIуцIиялъул жанисеб хIалтIул къагIидабазул, тIадал ишазул. Гьеб дандчIваялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, районалъул имам Шамил Назиров, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел ва цогидалги.

«Бакълъулазул районалъул администрациялъ кIудияб кIвар кьолеб буго рухIиял идарабазулгун цадахъаб хIалтIуде. Нижеца щулияб бухьен ккола диниял гIуцIабазулгун, районалъул имамасулгун, росабазул диниял церехъабазулгун. Районалъул нухмалъулез зама-заманалда тIоритIула экстремизмалъул идеология, терроризм какулел, жамгIияталда лъикIаб хьвада-чIвади мальулел тадбирал. Администрациялъул хIалтIухъабаз полициялъул хIалтIухъабазгун, росабазул имамзабазгун цадахъ цIалдохъабазулгун ва цогидазулгун дандчIваял тIоритIула, нилъер жамгIияталъе данде кколарел суалал рорхула, хасго терроризмалъул, экстремизмалъул зарал бичIчIизабула, гIолеб гIелалъе рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия кьола. Гьединаб хIалтIуца районалда гIодобе биччараб ахIвал-хIалги цIунун буго», - ян абуна МухIамад Хъарагишиевас.

Районалъул имам Шамил Назировас бихьизабуна гIадамазда ва тIадегIанав Аллагьасда цебе нухмалъулезул жавабчилъи цIикIкIараб букIин, щибаб пачалихъияб ва муниципалияб идараялъул вакилас хIукмаби гьариялъулъ ритIухълъиги цIунизе ккей.

Магъди ГIабидовас бицана Дагъистаналъул муфтияталъ республикаялда щибаб шагьаралда, районалда, росулъ гьабулеб бугеб хIалтIул, район ва республика цебетIезабиялъе гIоло гьабулеб хIаракатчилъиялъулъ диниял, муниципалиял, бакIалъул самоуправлениялъул органал цадахъ рекъон хIалтIиялъул кIваралъул.

«Халкъалъул рекIелъ хутIула ритIухъав нухмалъулев, ва кидаго лъикIаб рахъалдасан ракIалде щвезавула. Мисалалъе вачине бегьула партиялъул Дагъистан обкомалъул тIоцевесев секретарь, рагъул ва рагъдаса хадусел захIматал соназ республикаялъе нухмалъи гьабурав ГIабдурахIман Даниялов. Дихъе гIемер рачIуна жидерго хъулухъалъулал ишаздаса мекъи пайда босарал, гьеб ракIалда бухIарал чиновникал. Гьес къварид гьарурал гIадамал тIаса лъугьинчIони, лъикI кколаро гьединав чиясе. Гьединлъидал, гIадамазул хIажалъаби тIуразе, гьезие кумек гьабизе хIаракат бахъизе ккола», - ян абуна Магъди ГIабидовас. Гьес жавабал кьуна бакълъулазул гIадамазул суалазе, бицана «Инсан» фондалъ гьабулеб бугеб хIалтIулги.

**«Гумбет» РИО**

## 204 гIазра, 3150 тонна пихъил, газил рогIразул кIармал...

**(Байбихьи- 2 аб. гьум.)**

Школазда ва лъималазул ахакь унел руго ремонталъулал хIалтIаби, хIадурлъи гьабулеб буго цIияб цIалул соналде. Лъайкьеялъул бутIаялда бугеб хIал баян гьабун кIалъана районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов.

Финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовас ракIалде щвезабуна жиндир заманалда налогал ракIариялъул бугеб кIвар ва буголъиялдаса налог бакIариялде пикру буссинабизе ккей.

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас данделъиялъул хIасилал гьаруна.

«Нижеца хIалтIи гьабулеб буго районалъул кIиго школа «Нусго школа» программаялда гьорлъе ккезариялъе, гьединго гIахьаллъулел руго цогидал проектаздаги. Киналго гIуцIабаз, учреждениз хIасилал жеги лъикIлъизаризе, халкъалъе камилаб хъулухъ гьабиялде кIвар кьезе ккеялда тIадчIей гьабуна. Налогалги жиндир заманалда ракIаризе ва планал тIуразаризе ккела», – ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

АВАРАЗУЛ ПАШМАНЛЪИ – АВАР МАЦI ЛЪАЧIЕЛ ЛЪИМАЛ

## МагIарул мацI цIунулел ГIанди-хIорихъ ракIарана

### Авар мацIалъул мугIалимзабазул кIиабилеб дандеруссин

**14-15 июлалда Болъихъ районалда тIобитIана Дагъистаналъул авар мацIалъул мугIалимзабазул дандеруссин. Араб соналъ Гъуниб, исана берцинлъиялъул цIар араб ГIандадерил хIорихъ. Соналдаса соналде лъикIаб даражаялде бахунеб буго авар мацIалъул мугIалимзабазул дандеруссин.**



Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналъул гIемерисел районазул ва шагьаразул школазул авар мацIалъул мугIалимзаби. ГIахьаллъулезда гьоркьор рукIана Бакълъулазул районалъул авар мацIалъул мугIалимзабиги. Щибаб районалъул къокъаялъ гьенир рихьизаруна жидерго гьунарал, кечI-бакъаналъулъги умумузул кванилъги щивасул букIана жидерго хаслъи.



Балъхъадерил къокъаялъ хIадурлъи гьабун бугоан лъикIаб даражаялда. ТIаде рачIарал гьалбадерие хIадурун бугоан лъикIаб церерахьин. ХIайран гьаруна гьезул махщелалъ. Гьединго тIаде вачIарав азаргогIан чиясе букIана хинаб квен чIезабун. КIудияб баркала буго балъхъадерил къокъаялъе берцинго гьеб данделъи бачине кквербакъарал, хасго гIандадерил, кьахъадерил ясазе, кIвахI тун, гьенир рахъун чIарал.

Аслияб ракI бохулеб жо, авар мацIалде кьолеб кIвар, гьеб букIине кколеб даражаялде бахинин абураб хъул, гьенире рачIарал батIи-батIияб миллаталъул гIадамал. Дандеруссиналъ кумек гьабуна Дагъистаналъул магIарул мацIалъул мугIалимзабазе цоцазулгун лъай-хъвай гьабизе, гьудуллъи-вацлъи щула гьабизе.

Гьеб кинабго кIигъеж гьабун баччарай , бищун цIикIкIун реццалъеги баркалаялъеги мустахIикъайлъун ккола авар мацIалъул Ассоциациялъул нухмалъулей Баху МухIидинова.

Хъул буго тIасияб соналги киналго иргадулаб данделъиялда гIахьаллъилин ва миллаталъул байрахъ борхатго кквелин.

**Хадижат МухIамадова, ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим**

# КIкIуяда: 73 росу

### «Аварпресса.ру» порталалъул ва «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов гIахьаллъана Гъуниб мухъалда цIалдолезулгун гьабураб хьвадарухъабазул дандчIваялда

**2018 соналъул 15 июлалда Гъуниб районалъул «Сельсовет “Куядинский”» росдал поселениялъул ракьалда бугеб спортивиябгун сахгьариялъул «Сахлъи» лагералда хьвадарухъабаз дандчIвай тIобитIана гьитIинал цIалдолезулгун.**



### 120 лъимер...

Дагъистаналъул районаздаса ва шагьараздаса 120 лъимер каникулазул заманалда «Сахлъи» лагералда хIухьбахулеб буго.

Лагералда ругел лъималазулгун дандчIваялда гIахьаллъана Дагъистаналъул Хьвадарухъабазул союзалъул председатель, Поэзиялъул театралъул художествениияв нухмалъулев, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадов, Россиялъул Хьвадарухъабазул союзалъул член, «Гумбет» газеталъул ва «Аварпресса.ру» порталалъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов, поэт, педагог МухIамад ХIасанов ва цогидалги.

МухIамад АхIмадовас цIалана жиндирго цIиял кучIдул, лъималаздехун малъахъваялъулал рагIаби абуна, тIад хьвай-хьвагIаял гьарун, гьезие тIахьал сайгъат гьаруна. Лъималазе кучIдул цIалана ва пайдаял кIалъаял гьаруна ХIамзат ГIизудиновас, МухIамад ХIасановас ва цогидазги.

**(Ахир - 4 аб. гьум.)**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ЦІодорлъи гъабе: наркомания, экстремизм!

### ЦІаналъ тІобитІана гІолилазул данделъи

**«Гумбет районалъул гІолилал» ДРООялъул нухмалъулев МухІамад Зубайиров хІалтІулаб сапаралъ ана ЦІаналъ росулъе ва гІолилалгун, росдал жамагІатгун дандчІвана.**



Гъеб тадбиралда гІахьаллъана «Сельсовет "Игалинский"» росдал поселениялъул бетІер ХІажимурад МухІамадов, ЦІаналъ росдал имам ГІали Камилов, Игъали, Лъанлъари росабазул гІолилазул вакилзаби.

КІалъазе вахъарав МухІамад Зубайировас бицана «Гумбет районалъул гІолилал» ДРОО гІуцІиялъул хІаракатчилъиялъул, бакІазда гІолилазда гьоркьоб гьелъ гьабулеб хІалтІул, гьеб гІуцІиялъул мурадазул, церечІарал масъалабазул. Гьединго ракІалде щвезабуна гІолеб гІелалда дандчІвазе бегьулел квешалщинал пишаби – наркомания, экстремизм, социалиял гьиназдасан хІинкъаби ва цогидабги.

ГІолилазул гІуцІиялъул цевехъанас данделъаразде хитІаб гьабуна исламияб диналда данде кколаребщиналдаса рикІкІад чІезе, район, Дагъистан, Россия цебетІеялъе гІоло жигаралда хІалтІизе.

ТІадчІей гьабуна росабазул гІолилазе, МахІачхъалаялда ва республикаялъул цогидал бакІазда цІалулел бакълъулазул студентазе спорталда ругьунлъизе шартІал чІезарун рукІиналда, гІолилазул политика гІумруялде бахьинабиялъе районалъул нухмалъулез кІудияб хІалтІи гьабулеб букІиналда.

Данделъиялда кІалъазе вахъана Игъали росдал бетІер ХІажимурад МухІамадовги. Ахиралда ЦІаналъ росдал гІолилазул вакиллъун вищана Мухтар МутагІилумов.

**Гумбет районалъул гІолилазул центр**

# КІкІуяда: 73 росу

**(Байбихьи- 3 аб. гьум.)**

Гьеб тадбиралда гьединго гІахьаллъана Кьогьоб росдал библиотекаялъул нухмалъулей Гулжагьан ГІалибулатова ва ГІурала росдал библиотекаялъул нухмалъулей РайхІанат ХІасанова.

### Хьоподаго кьурейила...

«Лъимерлъиялдасаго тарбия кьезе ккола гІолеб гІелалъе. ХІадисазда хъван буго, кинидаса бахъараб лъималазе тарбия-лъай кьеян. Хьоподаго кьурейин жулилан абиги буго аваразул. Лъимал гІезе ккола ритІухъаллъун, ракІбацІцІадаллъун, лъай щвараллъун, кинабго рахъалъ церетІураллъун. ТарбиячагІазул, мугІалимзабазул, умумузул, тІолго жамгІияталъул масъалалъун ккола лъикІал тІабигІатал, хасиятал лъималазулъ куцай. Гьеб масъала тІубаялъе цо рахъалъ квербакъи гьабула художественнияб литератураялъги. ЛъикІалщинал хасиятал лъадарула чиясулъ искусствоялъ.

Лъимерлъуда лъола кьучІ вукІинесев инсанасул. Лъимал ругьун гьаризе ккола ургъизе, цере суалал лъун, гьел тІуразе, битІараб нухдасан церехун ине», – ян абуна ХІамзат ГІизудиновас.

Спортивиябгун сахгьариялъул «Сахлъи» лагералъул нухмалъулев Мурад ГІалиевас гьалбадерида лъикІаб дандчІвай гьабуна, бицана гьезда гьеб идараялъул хІалтІул низамалъул, лагералда гІуцІарал шартІаздаса лъимал рази рукІиналъул.

### КІкІуядерил расалъи

КІкІуяда ккола бечедаб тарихалъул ракь. КІкІуядисезул эркенаб жамагІаталда гьоркьобе уна 73 росу-кули. Цо-цо рукъ бугеб кули рикІкІани, 77-ялде бахуна гьезул къадар. БакътІерхьудасан КьилимегІералъ ва бакъбаккудасан ГъунимегІералъ сверун ккураб жаниблъиялда буго КІкІуяда. ТІабигІат берцинаб бакІ буго гьеб. КІкІуяде хьилги тІун буго, лъаразда тІасан кьоялги ран ва ралел руго. КІкІуядаса ккола Россиялъул халкъазул мацІал школаздаса рачахъиялъул законопроекталда данде вахъине кІварав Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат МухІамад КІудиявмухІамадовги. «Сахлъи» лагералъул нухмалъулев Мурад ГІалиевас рагІи кьуна гьеcompleted авар мацІ лъазабулеб роолаб мактаб хІалтІизе биччазе. Гьеб иш гІумруялде бахьинабизе гьесие хІажат буго миллияб мацІалъул, адабиаталъул ва маданиаталъул хІаракатчагІазул квербакъи. Тавпикъ кьеги лъикІал ишал гІумруялде рахьинаризе. Амин.

**Информациялъул «Гумбет» гІуцІи**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

# Конкурс для предоставления субсидий на возмещение средств, потраченных на стимулирование предпринимательской деятельности

Центр занятости населения в МО «Гумбетовский район» извещает о проведении конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей, независимо от их организационно - правовой формы (за исключением государственных (муниципальных учреждений), обратившихся по месту их регистрации в центр занятости населения в муниципальном образовании «Гумбетовский район» или многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг в Республике Дагестан, в целях предоставления им субсидий за счет средств федерального бюджета и средств республиканского бюджета Республики Дагестан на возмещение затрат, связанных с реализацией мероприятия по стимулированию предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест. Порядок и условия проведения конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей определены приказом Министерства труда и социального развития Республики Дагестан от 9 июня 2018 г. № 07/1-393 «О мерах по реализации постановления Правительства Республики Дагестан от 11 мая 2018 года № 42 «Об утверждении Порядка реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан, на 2018 год» в части стимулирования предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест».

Заявление на участие в конкурсном отборе документы принимаются с 20 июля до 03 августа 2018гг.включительно.

Субсидии предоставляются юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, обратившимся в соответствующие центры занятости населения по месту регистрации, в размере их фактических затрат на осуществление предпринимательской деятельности, в том числе закупку оборудования, создание (оснащение) не менее двух дополнительных рабочих мест для трудоустройства граждан, но не более 200,00 тыс. рублей на одно юридическое лицо или на одного индивидуального предпринимателя (размер средств установлен в соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 29 декабря 2017 г. № 1685 «О внесении изменений в государственную программу Российской Федерации «Содействие занятости населения»).

За дополнительной информацией обращаться в ГКУ РД ЦЗН в МО «Гумбетовский район» тел: 8 87 272 2-63-69; директор 8 928 047 19 47; инспектор по трудоустройству 8 928 249 08 45.

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# Щабдухъе ва ИчичІалибе нух цІигьабуна

### КІиго росдал жамагІаталъ баркала кьолеб буго

Лъиениги балъголъи гуро МелъелтІа - ИчичІали нухал кин рукІунел, хасго гІазу-цІад цІикІкІараб мехалъ. Гьале исанаги, гурхІел - рахІму цІикІкІаразул кумекалдалъун, 4 - 5 нухалъ къачІана гьел нухал их бачІаралдаса нахъе, амма цІадазул гьарзалъиялъ къачІан хутІулел гьечІо. Щабдухъ - ИчичІали росабазул гІадамалги кидаго хІадурал руго ккараб бакІалде рахъине. Гьаниб хасго рехсезе бокьун буго жидер хІаракаталда ва Аллагьасул рахъалъан кириялде хьулгун, бацІцІадаб ниятalda нухазда хІалтІулезул цІарал. Гьел ккола ИчичІалиса МуртазагІали МухІамадсайгитов, Щабдухъа ГІиса ГІубайдулаев ва ХІизбула Ордашов Аллагьас гьезул ният къабул гьабеги ва азар даражалде бахинабеги кириги.

КІиябго росдал жамагІаталъул рахъалдасан, "Гумбет" газета гьоркьоб ккун, бокьун буго ракІ - ракІалъулаб баркала кьезе гьел сахал гІадамазе, гьаризе гьезие щулияб сахлъиги, халатаб гІумруги, рокъоб баракатги. Аллагьас хъизан - лъималаздаса рохун хутІайги гьел кидаго.

**Щабдухъ ва ИчичІали росабазул жамагІат**

БетІерав редактор ХІамзат МухІамадович ГІизудинов телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Кьурмагъиз ХІадисова
Корреспондентал: ГІайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гьорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватІибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.